


## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Æрæдони райони Рассвети гъæуи алфамбулай немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити ка фæммард æй, еци советон тугъдонти муггæгтæ исбæрæг кæнунбæл берæ æнзти дæргъи цæуй агъазиау куст. Евгъуд æноси 50-аг æнзти гъæубæсти хъæппæресæй син арæзт æрцудæй мемориалон комплекс. Уоми ци дууæ къæйдори адтæй, уони фарсмæ ма æвæрд æрцудæй фарæ дæр æма аци анз дæр цалдæр къæйдори, 480 æдзард æфсæддони æма афицерей муггæгтæ сæбæл финст, уотемæй.***



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№20 (801) 2021 анзи 4 июнь – хорхæтæнии мæйæ



## СÆЙГÆН Æ ФÆЙЙАГЪАЗГÆНÆГ – Æ УОДИБÆСТÆ!..

Сæйгæ адæмæй лæвар кенæ зингæ асландæргонд хуастæ сæрмагонд федералон уагæвæрдмæ гæсгæ кæмæн гъæуама лæвæрд цæуонцæ, уонæй хъæбæр беретæ ‘й сæхебæл бавзурстонцæ, куд сæ фудевгед кæнунцæ медицинон косæндæнтти: уæхæн хуастæ уин радех кæнуни равгæ нæмæ нæййес, зæгъæ, рæуонæй син рецепттæ финсгæ дæр нæ ракæнунцæ. Уотемæй ба, цæмæй нæмæ уæхæн хуастæ еугурæй дæр æнхæстæй уонцæ, уой туххæй республикæн дехгонд æрцудæй 550 миллион соми. Гъæуама лæвар ци хуастæ лæвæрд цæуонцæ, етæ син фур хъазарæй æлхæнгæ рауайунцæ коммерцион афтекти. Еци фарста исбæлвурд кæнгæй, нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстæнæг Сергей Меняйло хъæбæр карзæй байагурдта, гъуддаг кæмæй аразгæ ‘й, уонæй, цæмæй еци æведауцæдзийнадæн кæронгонд æрцæуа.

Уобæл æма ма нæ республики цæрди иннæ гъуддæгути уавæртæбæл цудæй дзубанди, Сергей Меняйлойæн æрæги журналистти хæццæ ци пресс-конференци адтæй, уоми. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 2-аг фарсбæл.

## НОМЕРÆН



Æцæгæйдæр уотæ адтæй æнæгъæнæ Иристони дæр, уомæн æма Тæкъоти Алийи фурт Симонæн дзилли ‘хсæн адтæй хъæбæр устур кадæ, нимади лæг адтæй, æ дзурдбæл ин æуунæндтæнцæ. Гъулæггагæн, еци уавæр æдзæстуарзонти, æцæгæй адæми знæгтæн сæ зæрдæмæ нæ цудæй, сæ фудзæрдитæй байархайдтонцæ æ фесафунбæл. Æма син сæ еци цъамар фæндæ исæнхæст кæнун кæд бантæстæй, уæддæр сæйрагдæр гъуддагæн ба – цæмæй дзиллæй Симони ном феронх уа – сæ бон неци бацæй. Абони Тæкъоти Симони ном нæй иронх, цæруй нæ арфиаг дзиллити зæрдити. Абони ‘й мах дæр имисæн ахсгиаг цауи фæдбæл – æрæги, 27 майи æ райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма авдинсæй анзи (1876-1938). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

## ХЪÆБÆЛОТИ БИЛАРИ НОМБÆЛ ПАДДЗАХАДОН СТИПЕНДИ РАЙСУНÆН...

## КÆСТÆРТИ ИСОНИБОНБÆЛ ЗÆРДИАГÆЙ АУОДÆГ АДТÆЙ!..



2021 анзи 15 июнæй 31 июли уæнгæ сæрмагонд къамис есдзæнæй Хъæбæлоти Билари номбæл сæрмагонд паддзахадон стипенди иснисан кæнуни фæдбæл конкурсмæ гæгъæдитæ. Уой туххæй фегъосун кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Ахурадæ æма науки министради пресс-службæ.

Зундгонд куд æй, уотемæй æхсæнадон æма политикон архайæг Хъæбæлоти Билари номбæл сæрмагонд паддзахадон стипенди нисангонд æрцудæй Цæгат Иристони Хецауади унаффæй 2017 анзи. Премий туххæй уагæвæрди куд загъд ес, уотемæй аци хуæрзеуæги нисан æй уæлдæр æма астæуккаг профессион ахуради хуæздæр студентти рабæрæг кæнун, сæ ахурадон, наукон-æртасæн æма исфæлдистадон архайдæн син уæлæнхасæн фадуæттæ исаразун. Стипендий аллимæйон бæрцæ æй 10 мин соми, стипендиантæн фист цæуй еу ахури анзи дæргъи.

Преми райсунмæ кандидат исуни барæ ес уæлдæр æма астæуккаг профессион ахуради организацити бонигон ахури студенттæн.

Кандидат скъола каст гъæуама фæууа Цæгат Иристони æма æ ахурадон, наукон-æртасæн æма исфæлдистадон архайди æнтæстдзийнæдти æвдесæнæн гъæуама къамисмæ бадæтта аллихузон олимпиадитæ, конкурстæ æма фестивальти ци грамотитæ, сертификаттæ æма æвдесæндартæ рамулдта, уони дæр.

Кандидатти номхигъд куд федаргонд цæудзæнæй, уой фæтки туххæй, уæдта гъæугæ документти номхигъди хæццæ базонгæ уæн ес Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Ахурадæ æма науки министради официалон сайти.

Зæгъун гъæуй, 2017 анзæй нури уæнгæ Хъæбæлоти Билари номбæл сæрмагонд паддзахадон стипенди 28 студенттемæн ке исаккаг кодтонцæ, уой дæр.

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 357 СОМИ ÆМА 36 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 315 СОМИ ÆМА 90 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

*Номдзуд уруссаг финсæг Антон ЧЕХОВ (1860-1904) уотæ финста: «Гъæуй зундикондæй ирд, уодигъæдæй кæдзос, иуонгдухæй хуæрзайййев ун... Адæймаг гъæуама зæрдæмæдзæугæ уа алцæмæй дæр: цæсгонæй дæр, дарæсæй дæр, уодæй дæр, гъудитæй дæр...»*



# ИСАРАЗУЙНАГ ГЪУДДАГ БÆЛВУРД КУ УА, УÆД ÆЙ АРАЗУН ГЪÆУЙ!..

ÆЦÆГÆЙДÆР, æнæмæнгæ гъæугæ гъуддаг æвæстеуатæй райаразуйнаг æй, зæгъгæ, е бæлвурдæй-бæлвурддæр ку уа, уæд уой фæдбæл цæмæн гъæуама ракæнæ-бакæнитæгонд цæуа, комкоммæ архайди бæсти радзорæ-бадзоритæ нивæндун?!. Махмæ ба абони берæ рауæнти æгæр исберæ 'нцæ уæхæн уавæртæ æма нæ хъор кæнунцæ нæ цардиуаги гъуддæгути зингæ хай гъæугæ хузи райаразунæн.

Уæхæн уавæр, ку зæгъæн, исæвзурдæй адæмæн медицинон лæггæдтæй агъаз кæнуни къабази дæр. Уой фæдбæл журналистти фæрститæн дзуапп дæтгæй Сергей Меняйло хумæтæги нæ загъта: «Медицинон косæндæнттæ нæмæ республики ес, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади бæлвурд исконд ба нæййес!..» Уогæ, æ гъудимæ гæсгæ, уотæ 'й, адæми хуарзæн архайун æ сæйрагдæр нисанеуæг кæмæн æй, уæхæн æндæр къабæзти дæр.

Фал уæддæр уæлдай ахсгиаг ба адæмæн æй се 'нæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабазæ. Раст зæгъгæй, фæстаг æнзти нæ республики разамунди архайди фæрци берæ зæрдæмæдзæугæ æййивддзийнæдтæ си æрцудæй. Фал уæддæр е фагæ ке нæй, уой исбæлвурд кодта Сергей Меняйло, æрæги районтæй цалдæреми медицинон косæндæнттæ æхуæдæг ку бабæрæг кодта, уæд. Журналистти хæццæ фембæлди рæстæг уой фæдбæл уотæ загъта:

– Куд мæ фæндуй, уотæ кæрæй-кæронмæ нæма исбæлвурд кодтон, фал мин е лæдæрд æй, æма си берæ цидæртæ цæхгæрмæ райаразуйнаг æнцæ нури домæнтæмæ гæсгæ. Еци куст ба гъæуама райаразæн, цæмæй сæйгити æндæр регионтæмæ медицинон лæггæдти туххæй æрветун мабал гъæуа, уонæй испайда кæнуни равгитæ син гъæуама нæхемæ уа. Уæлдæр бæрзонд технологион агъаз райсуни фæлтæрддзийнадæ кæми ес, уордæмæ, гъай-гъайдæр, цæудзинан æ базонуни туххæй, фал нæхемæ гъæуама алцæмæй æнхæст фадуæттæ уа нæ сæйгитæн гъæугæ хузи дæсни агъаз кæнунæн.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма адæми æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази уавæрмæ еудадзугон цæстдард ес нæ республики разамунди 'рдигæй. Бæлвурд фарстати фæдбæл ахид æрцæуй бундорон дзубанди Хецауади æмбурдти. Зæгъæн, хуæрзæрæги си æркастæнцæ сæйгæдæнттæ æма поликлиникитæ хуастæ æма техникон фæрæзнитæй куд ефтонггонд цæунцæ уомæ, æма Сергей Меняйло æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради разамундæн карзæй бауайдзæф кодта, еци гъуддаг гъæугæ хузи райаразунбæл, куд æнгъезуй, уотæ ке нæма архайунцæ, уой фæдбæл.

– Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ, сæйгитæн сæ льготитæмæ гæсгæ гъæуама ци хуастæ лæвæрд цæуа, уони гъæугæ бæрцæй райсуни тухxæй цæйбæрцæ контракттæ исаразун гъудæй, уой нæ бакодта.

Уотемæй ба еци еугур мадзæлттæ гъæуама арæзт æрцудайуонцæ 2021 анзи феврали мæйи, – загъта Сергей Меняйло. – Никки: кæд æма уой тухxæй нæ республикæн сæрмагондæй 550 миллион сомей бæрцæ дехгонд æрцудæй, уæддæр, льготитæмæ гæсгæ сæйгæ адæм ци дзæбæхгæнæн хуастæ гъæуама райсонцæ, уонæн сæ фулдæр республики иссерæн дæр нæййес.

Куд рабæрæг æй, уотемæй дзубанди цæуй 200 аллихузон дзæбæхгæнæн хуасти тухxæй.

– Е уобæл дзорæг æй, æма хуастæ æлхæнуни гъуддагмæ æгириддæр цæстдард нæ цæуй. Абони мин фегъосун кодтайтæ, еуварсгонд рецепттæ уæмæ нæййес, зæгъгæ. Фал етæ 'нцæ сайæн дзубандитæ, – загъта Сергей Меняйло. – Хуастæ нæййес, зæгъгæ, исрæуонæ кæнунцæ дзæбæхгæнæн косæндæнтти æма уомæ гæсгæ сæбæл рецепттæ дæр нæ рафинстонцæ, цæмæй уавæр ма раргом уа.

Сергей Меняйлой дзубандимæ гæсгæ, еуварсгонд рецептти нимæдзæ 'й дæс минемæй фулдæр. Æма æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæй байагурдта, хæстæгдæр рæстæг, льготитæй ка пайда кæнуй, еци адæми æнæмæнгæ ка гъæуй, уæхæн дзæбæхгæнæн хуастæй исефтонг кæнун.

Сæйгæ адæмæн гъæуама еугур равгитæ дæр уа, æнæмæнгæ сæ ци хуастæ гъæуй, уони афойнадæбæл æма гъæугæ хузи райсунæн. Уæдта сæйгити уавæрæй пайда кæнуни фæрци æхцатæ бакосунмæ ка гъава, еци «фармацевтон амалгъонтæн» гъæуама нихкъуæрд лæвæрд цæуа. Уой фæдбæл дзубанди цудæй нæ республики промышленнон продукций æнæзакъон зелдохи нихмæ архайæг къамиси æмбурди дæр. Уоми æ радзубандий Сергей Меняйло цæстдарæн оргæнтæн бафæдзахста, гъæугæ хузи (бæлвурдæй федералон системæ «Маркировкæ»-йи) æхе ка нæ исрегистраци кæна, еци медицинон æма фармацевтон косæндæнттæн сæ лицензитæ гъæуама ист цæуонцæ:

– Сæ архайди гъæугæ домæнтæ ка 'нхæст кæнуй, еци амалгъонтæмæ уæ каст æгæр фæлмæн æй, æма етæ дæр, куд сæ фæндуй, уотæ косунцæ. Аци фарстай ба фæлмæн рахаст æма лæмæгъдзийнадæн бунат нæййес, уомæн æма дзубанди цæуй адæми цард æма æнæнездзийнадæбæл. Домæнтæ ка ихалуй, еци косæндæнттæн сæ лицензитæ байсуни, уæдта сæ административон æгъдауæй бафхуæруни тухxæй уæ кустæн график исаразетæ æма уомæ гæсгæ архайетæ. Къамиси унаффитæ алкæмæн дæр æнцæ æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг.

Сергей Меняйлой пресс-конференций фæдбæл нæ радзубандий адæми æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади фарстатæмæ уоййасæбæл агъазиау æргом ке 'здахæн, е уомæ гæсгæ 'й, æма, еуемæй, аци къабази архайд уæлдай ахсгиаг æй адæмæн, иннемæй ба, ами куд берæ ес гъæндзийнæдтæ, уотæ ес хъоргæнæг уавæртæ нæ цардиуаги иннæ рауæнти дæр. Уонæй кæцидæрти фæдбæл нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæги Сергей Меняйлой гъудитæ базонун фæндадтæй журналистти. Æ радзубандий райдайæни син загъта:

– Нерæнгæ кæд æдеугурæй дууæ мæйемæ хæстæг косун, уæддæр циуавæрдæр хатдзæгтæ искæнунгъон дæн, æма уин уæ фарстатæн ци гæнæн æма амал уа, уомæй æргом дзуæппитæ ратдзæнæн.

Республики цæргутæ адæмласæг транспорти уавæрæн нил-лæг аргъ ке кæнунцæ, е рагæй-дæр бæлвурд æй. Уой фæдбæл уавæр бундоронæй гъæуй раййевун.

– Нæййес нæмæ транспортон гъуддаг гъомусгинæй райаразуни фæлтæрддзийнадæ. Уотемæй нæ бон æй федералон программити бунат байахæссун. Гъæуама рартасæн нæ бæлццæнтти бæрцæ, транспорти гъомусадæ цæйбæрцæ 'й, социалон ахедундзийнади хæццæ маршруттæ цæйбæрцæ 'нцæ, экономикон æгъдауæй фæндаггон феддон нимад куд æрцудæй… Етæ хумæтæг фарстатæ нæ 'нцæ.

Æ дзубандимæ гæсгæ, дууæ-æртæ мæйемæ сахарти æма республики иннæ рауæнти цæттæгонд æрцæуонцæ транспортон пълан аразуни гæгъæдитæ. Сæйраг гъуддæгутæ æнхæстгонд ку 'рцæуонцæ, уæд анзи кæрони бæрæггæнæнтæ ку исбæлвурд уонцæ, уæд республики бон уодзæнæй федералон программити архайун.

Цæрæнуæтти уæлбарæ программити куд архайæн, уой тухxæй загъта:

– Аразгути хæццæ фембалдтæн, сахар аразуни тухxæй сæмæ барадæдæттæг гæгъæдитæ ес, фал сæмæ проекттæ нæййес, е куд æй? Еугур программитæ дæр равзардзинан, Уæрæсей Президенти Указмæ гæсгæ æнцонвадуат цæрæнуæттæ араздзинан. Уæд дохтиртæн, ахургæнгутæн, культури косгутæн, иннæ специалисттæн фæззиндзæнæй цæрæнуæттæ, – фæннисан кодта республики разамонæг.

Æртæ анзей размæ Красноярски адтæнцæ Цæгат Иристони бонтæ, æма журналистти бафæндадтæй базонун, идарддæр еци куст куд цæудзæнæй, уой.

Сергей Меняйло æ дзуаппи куд балæдæрун кодта, уотемæй æхуæдæг дæр адтæй гъуддагаразгути 'хсæн.

– Рæсугъд бæрæгбон рауадæй, æнæмæнгæ, байархайдзинан, цæмæй уæхæн фембæлдтитæ идарддæр дæр арæзт цæуонцæ.

Ахсгиаг æй нæ республикæн æхе гæнæнти фæрци хуæрзгъæдæ гъæууонхæдзарадон продукци гъæугæ бæрцæй уадзуни фарста дæр.

Уобæл дзуапп дæтгæй Сергей Меняйло загъта:

– Нæ зæрдæ дарæн, уæхæн продукци нæмæ фарæй минкъийдæр нæ уодзæнæй.

– Æрæги адтæн Чиколай, фембалдтæн гъæууонхæдзарадон продукциуадзгути хæццæ. Сæ сагъæстæ æма фæндитæ мин радзурдтонцæ. Сæ еу гъуди адтæй: продукци уæйæ кæнгæй «æхсæнархайæг» лæгти ку райеуварс кæнæн, уæд æргътæ фæмминкъийдæр уодзæнæнцæ. Уонæбæл гъæуй косун. Зæгъун гъæуй уой, æма нури дзамани уавæрти архайунмæ нæ гъæууонхæдзарадон къабазæ иннетæй уæлдай цæттæдæр разиндтæй, ес сæмæ программæ. Уой бундорбæл исараз-тонцæ æфснайæнтæ… Агъази мадзæлттæ гъæуама уонцæ бæрæггонд, сæ ахедундзийнадæ цæйбæрцæ 'й, е гъæуама рабæрæг уа.

Нæ республики райрæзти æгæрон берæ райаразуйнаг фарстати 'хсæн уæлдай бæлвурд æргом æздæхт цæуй экономикон размæцудæн си агъазгæнæг ка 'й, уонæмæ.

– Нерæнгæ бал исæмбалдтан агъазиаудæр кустуæтти разамонгути хæццæ, – загъта Сергей Меняйло. – Минкъий æма рæстæмбес амалгъонади ирæзтмæ фæрæзнитæ бахæссунгъон ка 'й, гъæуама уони хæццæ дæр фембæлон. Кусти бунæттæ уотемæй фæззиннунцæ. Бæрзонд технологон кустæдтæ дæр кусти бунæттæ дæттунцæ… Не 'ргом гъæуама раздахæн инвестицион проекттæмæ, гъæуама ирæзонцæ. Фал нæмæ инвестицион совет нæййес, æма ин æ барадон гæгъæдитæ бацæттæ кæнун гъæуй.

Пресс-конференций рæстæг дзубанди цудæй экологий фарстати фæдбæл дæр. Зæгъæн, республикон бугъгалæн полигони тухxæй рагæй дзурдæуй, уой исаразунæн гæгъæдитæбæл нури уæнгæ дæр ма архайунцæ, ку исцæттæ уонцæ, уæд искосдзæнæй. Аци рауæн ахсгиаг æй тарифи æргомдзийнадæ, еске нин гъæуама цæмæн амона, цæйбæрцæ федун гъæуй, уой.

Нæ дони фæрæзнитæ, нæ кæмттæ, нæ гъæдтæ, гъæуай кæнун ке гъæуй, уобæл дзубанди дæр нæййес. Уæдта еци еугур бунæттæн гъæуама закъони бундорбæл арæзт уагæвæрдтитæ фæззиннонцæ. Исбæрæг кæнæн, ци куст си ес кæнæн, циуавæр бунати, еумæ райсгæй ба сæ гъæуй багъæуай кæнун. Нуртæккæ си берæ рауæнти кадæртæ хевæндæй хецауеуæг кæнунцæ, сæхердигæй сæ фæккодтонцæ, еци æрдзон бунæттæ еугурадæмон æнцæ æма нæ цæугæдæнтти алфамбулайтæмæ, нæ кæмттæмæ гъæуама еугур адæмæн дæр равгæ уа сæребарæй бацæуунæн.

Уæхæн сагъæссаг æй Цæгат Иристони зæнхи фарста дæр. Уой фæдбæл дзоргæй, Сергей Меняйло загъта:

2

**Æнæгъæнæ Уæрæсей дæр 6 июни бæрæггонд цæудзæнæй Пушкини бон æма уруссаг æвзаги Бон. Уой фæдбæл Цæгат Иристони дæр – иннæ æнзти хузæн – арæзт æрцæудзæнæй сæрмагонд мадзæлттæ.**

– Зӕнхитӕ еугурӕй дӕр гъӕуама инвентаризацигонд ӕрцӕуонцӕ, гъӕуама исбӕрӕг кӕнӕн, кӕмӕн си циуавӕр нисанеуӕг ес ӕма ӕ еци нисанеуӕгмӕ гӕсгӕ си пайдагонд цӕуй ӕви нӕ, уой ӕма ӕндӕр берӕ уӕхӕн фарстатӕ. Нерӕнгӕ бал куд бӕлвурдгонд ӕрцудӕй, уотемӕй зӕнхи хӕйттӕ ӕма аллихузон объекттӕй сӕдӕ минемӕй фулдӕр ӕгириддӕр нимади нӕ 'нцӕ. Уой фудӕй нӕмӕ хъалонти хузи зӕрантӕ анзмӕ исхъӕртунцӕ 600 миллион сомей уӕнгӕ. Нуртӕккӕ куст цӕуй, цӕмӕй еци хӕйттӕ ӕма объекттӕ уонцӕ барадон фӕтки.

Республики социалон-экономикон ирӕзти программи хӕццӕ баст фарстатӕн дзуапп дӕтгӕй, Сергей Меняйло куд загъта, уотемӕй уоми ес хе бунат национ проекттӕн, гъӕууон хӕдзарадӕн, промышленностӕн, туризмӕн, социалон политикӕн, иннӕ ӕнӕмӕнгӕ гъӕугӕ ахсгиаг гъуддӕгутӕн. Сӕрмагондӕй ӕргом раздахта «Мамисон»-и, «Аланийи парк»-и проекттӕмӕ, Дзӕуӕгигъӕуи фӕрсти цӕуӕг нади арӕзтадӕмӕ.

– Иристонӕн ӕхе хецӕндзийнӕдтӕ ке ес, ӕма си пайда кӕнун ке гъӕуй, уой фӕббӕрӕг кодта Сергей Меняйло. – Ес нӕмӕ баргъон транспортон инфраструктурӕ, уой дӕр айдагъ зӕнхон нӕ, фал уӕлдӕфон дӕр, зӕгъӕн, нӕхе аэропорт ӕма уой гӕнӕнтӕ ӕма равгитӕй гъӕуама ӕнхӕстӕй пайда кӕнӕн: пассажиртӕ ласуни уӕзӕгтӕ нӕхе бӕсти ӕма фӕсарӕнти аллирауӕнтӕмӕ ласунӕн. Пресс-конференций рӕстӕг цалдӕр фарстай адтӕнцӕ бюджетон къабази косгути мизди фӕдбӕл. Уонӕбӕл дзуапп дӕтгӕй Сергей Меняйло загъта:

– Ӕнӕнездзийнадӕ гъӕуайкӕнуйнади косӕндӕнтти куст бӕрӕг кӕнгӕй, ӕнӕмӕнгӕ ме 'ргом раздахун сӕ финансон уавӕрмӕ дӕр. Гъулӕггагӕн, уонӕми косгутӕн сӕ мизд ӕй ниллӕг. Ӕма уӕхӕн ӕнӕрастдзийнадӕ райеуварс кӕнунӕн гъӕугӕ мадзӕлттӕ исаразунбӕл архайд цӕудзӕнӕй.

Дзубанди рацудӕй, пандемий рӕстӕг уой нихмӕ тохи мадзӕлтти Беслӕни Медицинон центри косгутӕй ка архайдта, уонӕн гъӕугӕ феддонтӕ афойнадӕбӕл ке не 'скодтонцӕ, уой туххӕй дӕр. Нуртӕккӕ уавӕр ӕвзарунцӕ барадӕгъӕуайгӕнӕг оргӕнтӕ.

– Цалинмӕ етӕ хатдзӕгтӕ искӕнонцӕ, уӕдмӕ мӕ бон зӕгъун неци ӕй. Нӕ республики ӕнӕнездзийнадӕ гъӕуайкӕнуйнади министри еци уавӕри фӕдбӕл ку бафарстон, уӕд мин е загъта, етӕ, дан, федералон феддонтӕ 'нцӕ. Цидӕр ӕй, уӕддӕр уӕхӕн уавӕрӕн идарддӕр бунат гъӕуама ма уа, умӕн ӕма дзубанди цӕуй, уӕззау уавӕрти уодуӕлдайӕй ка бахъиамӕт кодта, еци адӕми туххӕй, – загъта Сергей Меняйло.

Еума фарста ба адтӕй ахургӕнгути мизди фӕдбӕл. Федералон министради дӕр аци гъуддаг ӕвзурст цӕудзӕнӕй. Фал ӕй ӕвзардзӕнӕнцӕ айдагъдӕр нӕуӕг анзи фӕсте, гъома, бюджет исфедар кӕнгӕй.

Пресс-конференций рӕстӕг фарстати кӕцидӕр хай адтӕй нӕ национ культури, нӕ маддӕлон ӕвзаги, нӕ мухури фӕрӕзнити уавӕрти, кадрти туххӕй. Уонӕбӕл Сергей Меняйло равардта бӕлвурд дзуӕппитӕ, уӕдта ма зӕрдӕ байвардта журналистти хӕццӕ ауӕхӕн фембӕлдтитӕ ахиддӕр ке уодзӕнӕнцӕ, умӕй.

***Ӕрмӕг мухурмӕ бацӕттӕ кодта ГӔТИЙТИ Светланӕ.***

## ДӔ ЦЪУХБӔЛ КУ НӔ ХУӔЦАЙ...



*Мӕлек Сахназар кувд искодта. Ӕрцудӕнцӕ имӕ аллихузон зундгонд адӕм, ӕлдӕрттӕ ӕд уоститӕ. Мӕлек байагурдта Пыл-Пугий (еци лӕг ба адтӕй мах Сирдони хузӕн, дзурдарӕхстдӕр), ӕцӕг, рагацау имӕ фӕдздзурдта, еу абази ин равардта ӕма ин бафӕдзахста, иуазгути рази, дан, мӕ аййеппити кой ма 'скӕнӕ.*

*Лӕг исарази ӕй... Фал кувди бадгӕй, еу рӕстӕг ӕрӕстӕфтӕй, мӕлекӕн ӕ фиййи хъохъа куд ӕрлӕстӕй уой. «Нур ци киндӕуа? – сагъӕс кӕнуй Пыл-Пуги. Гъӕрӕй ку зӕгъон мӕлекӕн, уӕд абазийӕй ӕнӕ хай кӕнун, ӕнӕ хъип-сунӕй ку лӕууон, уӕдта мӕхуӕдӕг мӕ фуртухстӕй ку фӕссӕйгӕ уодзӕнӕн...*

*Берӕ рагъуди-багъудити фӕсте Пуги ӕ дзиппӕй абази исиста, мӕлеки 'рдӕмӕ 'й багӕлста ӕма загъта:*

*– Дӕ абази дӕхецӕн уадзӕ, фал хъохъафий ке дӕ, уой дӕр зонӕ!..*

Куд не 'рхицӕ кӕнӕн аци дзурдарӕхст Пугимӕ!.. Фиццагидӕр умӕй, ӕма уой хузӕн ӕндиудӕй цӕмӕннӕ бауайдзӕф кӕнӕн, еци мӕлеки хузӕнттӕй хецаудзийнади, парламентти ка бадуй, уонӕн, гъома, нецӕййӕгтӕ айтӕ ӕма рахъутти утӕ, ма нӕ хъор кӕнетӕ. Фал не 'ндеуӕн, умӕн ӕма «абазитӕ» нин кӕд раттиунцӕ, зӕгъгӕ, ӕнгъӕлмӕ кӕсӕн ӕма тӕрсӕн, куд си нӕ фӕффудевгед уӕн, умӕй.



**Виталий МИЛОНОВ, Паддзахадон Думи депутат: «Берӕсувӕллонгин мадтӕлтӕ гъӕуама нимад цӕуонцӕ паддзахадон службӕгӕнгутӕбӕл. Федун син гъӕуй сӕрмагонд мизд: ӕртӕ сувӕллонемӕн – еу мизд, фондз ӕма фулдӕр сувӕллонемӕн – ӕндӕр, фулдӕр мизд...»**

Никки хуӕздӕр ба е уидӕ сӕрмагондӕй ахсгиаг бартӕ раттун: ӕртӕ сувӕллони дин ес – табуафси, Паддзахадон Думӕмӕ, фондз сувӕллони дин ес – табуафси, Федераций Советмӕ. Уал сувӕллони исӕнтӕсун кӕнуни ӕма уони гъомбӕл кӕнуни нифс ӕма хъаурӕ кӕмӕ разиндтӕй, етӕ, ӕвӕдзи, хуӕздӕр исарӕхсдзӕнӕнцӕ нӕ паддзахади ӕнӕмӕнгӕ райаразуйнаг гъуддӕгутӕ гъӕугӕ хузи райаразунмӕ...



**Дмитрий ЧЕРНЫШЕНКО, Уӕрӕсей Хецауади вице-премьер: «Раздӕр, гъулӕггагӕн, арӕзт ӕрцудӕй хе даруни уӕхӕн фӕткӕ: ӕнтӕстгин дӕ, уӕд фӕллад уадзунмӕ цӕуис фӕсарӕнмӕ...»**

Ӕма уӕхӕн фӕткӕ айдагъ фӕллад уадзунӕн ку уайдӕ!.. Кӕмӕн куд фулдӕр ӕнтӕсуй паддзахади еугурадӕмон есбонадӕй хе 'рдигӕй фӕккӕнун, утӕ фӕсарӕнти цӕрунӕн агъазиау галауантӕ ӕлхӕнунцӕ. Ӕма Уӕрӕсей син ку истӕссаг уй сӕ фӕливд миути туххӕй, кенӕ син ами ку нецибал фӕууй пайдахӕссӕгӕй, уӕд уордӕмӕ фӕлледзӕги унцӕ: раздӕри губернатортӕ, депутаттӕ, банкиртӕ...



**Валентинӕ МАТВИЕНКО, Федераций Советы сӕрдар: «Цӕй ӕма зӕрдфедардӕр уӕн, нӕ ӕууӕнддзинан аллихузон тӕрсунгӕнӕнтӕбӕл, рагацау зӕгъдтитӕбӕл, дӕснифӕрсунтӕбӕл... Фулдӕр нӕхецӕй аразгӕ 'й...»**

Еци «зундгин амунддзийнӕдтӕй» кӕмӕн ӕвӕруй зӕрдитӕ, гъома, нӕ цардиуаги хуӕздӕрдзийнадӕ нӕхецӕй аразгӕ 'й?.. Ӕ хӕццӕ Федераций Совети ка бадуй, сӕ ӕгӕрон мулкитӕ банимайӕн дӕр кӕмӕн нӕййес ӕма абони тухст уавӕрти дӕр гъӕздугӕй-гъӕздугдӕр ка кӕнуй, уонӕн? Ӕви, абони дӕр фур мӕгур, фур ӕгудзӕг уавӕрти ка «цӕруй» ӕма ӕ исонибонӕй дӕр уӕлдай хуӕздӕр ка нӕбал хезуй, еци адӕмӕн?.. Раст фӕззӕгъунцӕ: «Бонгин мӕгурӕн нифс нӕй!..»

**НЕКЕ ӔЙ ИРОНХ, НЕЦИ ӔЙ ИРОНХ...**

# ӔХСАРГИН «КИРОВОНТИ» НАМУС ӔНОСОНГОНД ӔРЦУДӔЙ...






ДЗӔУӔГИГЪӔУИ С.М. Кирови номбӕл уӕлдӕр ӕфсӕддон раздӕри училищей курсантти номерӕн фӕйнӕг хуцаубони кадгин уавӕри байгон кодтонцӕ. Зӕрдӕбӕлдарӕн фӕйнӕг фӕззиндтӕй Дзӕуӕгигъӕуи Курсанттӕ – «кировӕгти» гъӕунги 29-аг хӕдзари фарсбӕл.

Кадгин ӕмбурди архайдтонцӕ Сергей Меняйло, Национ гвардий ӕфсӕдти федералон служби директори фиццаг хуӕдӕййевӕг , инӕларболкъон **Виктор Стригунов**, ӕхсӕнадон организаци «Кировӕгтӕ»-йи президент **Анатолий Додин**, ӕфсади инӕлар **Анатолий Куликов**, ӕфсӕддон служби ветерантӕ ӕма ӕхсӕнади минӕвӕрттӕ.

Фембӕлди архайгутӕ радзурдтонцӕ С.М. Кирови номбӕл училищей гъӕздуг историй хабӕрттӕ, фӕнниса н кодтонцӕ, аци ӕфсӕддон ахургӕнӕндони гъомбӕлкӕнуйнӕгтӕ бӕсти гъӕуайкӕнуйнадӕ ӕма ӕхсӕнади хузӕнон царди гъуддагмӕ ци устур ӕвӕрӕн бахастонцӕ, уой. Зундгонд куд ӕй, уотемӕй училище байгон ӕй 1938 анзи. Ӕ ахсгиаг ихӕстӕ ӕнхӕст кодта 2011 анзи уӕнгӕ – уӕд унаффӕ хаст ӕрцудӕй училище исӕхгӕнуни фӕдбӕл. Ӕмбурди архайгутӕ куд фӕббӕрӕг кодтонцӕ, уотемӕй училищей раздӕри рауагъдонтӕй беретӕ нур дӕр ма службӕ кӕнунцӕ Уӕрӕсей Гӕрзефтонг тухти.

Инӕлар Анатолий Куликов ӕмбурди архайгути зӕрдӕбӕл ӕрлӕуун кодта, Устур Фидибӕстон тугъди ӕнзти училищей курсанттӕ цифуддӕр знаги нихмӕ куд бӕгъатӕрӕй тох кодтонцӕ, уой. Ӕ дзубандимӕ гӕсгӕ, ӕ кусти ӕнзти дӕргъи училищей рауагъдонти нимӕдзӕ 30 минемӕй фӕффулдӕр ӕй. Уони нимӕдзи – Советон Цӕдеси 7 Бӕгъатӕри ӕма Уӕрӕсей 13 Бӕгъатӕри. Анатолий Куликов республики разамундӕн арфӕ ракодта, курсанттӕ-«кировӕгти» ном исӕносон кӕнуни туххӕй фӕнзуйнаг хъӕппӕрес ке равдистонцӕ, уой фӕдбӕл. Курсантти ном равардтонцӕ Дзӕуӕгигъӕуи гъӕунгтӕй еуемӕн, нур ба си фӕззиндтӕй зӕрдӕбӕлдарӕн фӕйнӕг.

Ӕмбурди радзубанди кодта Цӕгат Иристони Сӕргълӕууӕг дӕр.

– Аци ӕфсӕддон училищей гъомбӕлкӕнуйнӕгтӕ тугъди рӕстӕг ци лӕгдзийнадӕ ӕма уодуӕлдайдзийнадӕ равдистонцӕ, е хуарз зундгонд ӕй. Тугъди ӕнзти фӕсте дӕр училищей рауагъдонтӕ аккаг ӕвӕрӕн хастонцӕ ӕма хӕссунцӕ бӕсти гъӕуайкӕнуйнадон уарт федар кӕнуни гъуддагмӕ. Аци номерӕн фӕйнӕг исӕвӕруни хъӕппӕрес равдиста еугуруӕрӕсеуон ӕхсӕнадон организаци «Кировӕгтӕ» ӕма 'й нур царди рауагъ тан, – бафеппайдта Сергей Меняйло.

Фембӕлди радзубанди кодтонцӕ иннӕ кадгин иуазгутӕ дӕр.

***АБАЙТИ Эдуард, поэт: «Хохойти Энвери поэтикон исфæлдистадæ цæмæдессаг æй алли фæлтæрти адæмтæн. Е заруй райгурæн Иристонбæл, æ рæсугъд æрдзæ æма адæмбæл, се 'скъуæлхтдзийнæдтæбæл æма сæ бæллецтæбæл, сæ турнундзийнæдтæбæл, æ бæгъатæр евгъуд æма æ федæнбæл. Устур цæмæдес æвзурун кæнунцæ кæсгутæн е 'мгъæуккæг***



*Хохойти Энверæн æрæги ци исфæлдистадон фембæлдтитæ адтæй, уонæй еуей архайгути унетæ аци къари (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Кæсæг-Балхъари журнал «Мингитау»-и («Эльбрус»-и) сæйраг редактор Аскер Додуев, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети ахургæнæг Джусойти Клавдия, Хохойти Энвер, Кæсæг-Балхъари республикон газет «Заман»-и уацхæссæг, финсæг Хъыйса Османов, журнал «Ирæф»-и сæйраг редактори хуæдæййевæг Колити Витали.*

# «КУ ИСТÆХУЙ ЦÆРГÆС...»



**КОЛИТИ Витали,**
Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг

***Поэт, публицист, литературон критик, финсгути æма журналистти Цæдеси иуонг Хохойти Сæлафири фурт Энвербæл 25 майи исæнхæст æй фондз æма æртинсæй анзи. Уой фæдбæл ин зæрдиагæй арфæ кæнæн, федарæй ни æруагæс кæнуй, æ абони исфæлдистадон бæркадæ никки бæркадгиндæр ке кæндзæнæй, сæйрагдæр ба – æнæнез æма зæрдæрохс уо, Энвер.***

Адæми размæ æргомæй зæрди уайтæ æрдзорун æнцон гъуддаг нæ 'й, уомæн æма етæ алци æстæфæг æнцæ. Нæдæр син расайæн ес мæнгæ дзубандитæй, нæдæр мæлгъæвзагæй зæрдæвæрæн таустæ ракæнæн, нæдæр ба сæбæл гадзирахаттæй рацæуæн. Устур ацъагъуæ æма искурдиадæ гъæуй дзиллити – кæсгути зæрдитæмæ фæндаг иссерунæн. Уонæн сæ ристæй ку нæ ресай, сæ зиндзийнадæбæл зин ку нæ кæнай, сæ мастбæл – гъæрзгæ, сæ цийнæдзийнадæбæл – цийнæ, уæд дин еумæйагæй неци ес сæ хæццæ. Еци уæззау ихæс хауй алли дзилли 'хсæн цæрæг адæймагмæ дæр, уæлдайдæр ба финсæгмæ.

Уоци гъуддаг хуарз лæдæруй Хохойти Энвер, æхецæн æй ихæсбæл ке нимайуй, е ба бæрæг æй æ уадзевзитæй, Хохойти Сæлафири фурт Энвер (Биркъисати Тебо) æй, фæстаг æнзти аййевадон литератури даргъ ауæдзи уæлдай искурдиадæгиндæрæй æхе ка равдиста, уоци æригон фæлтæри миййнæвæрттæй еу. Хохой-фурти уадзимистæ ахид фæззиннунцæ периодикон мухури: газетти æма журналти.

Æрæги бабæй Энвер (Тебо) киунугæкæсгути зæрдитæ барохс кодта е 'мдзæвгити дуккаг æмбурдгонд «Амонди æрдæфæнтæ»-й. Къæрцгъос киунугæкæсæг алкæддæр æнгъæлдзау æй нæуæг киунугæмæ. Фæндуй нæ, автор æ кæсгути – аййевадон дзурдуарзгути размæ ци хунæ рахаста аци хатт, уобæл минкъий лæмбунæгдæр æрлæууун. Фиццагидæр бал мæ ци зæгъун фæндуй?

Аци киунугæ кæрæй-кæронмæ ка бакæса, е æнæбафеппайгæ нæ фæууодзæнæй, райдайæнæй фæстаг рæнгъи уæнгæ поэт ке лæууй еци-еу ханхæбæл, уой. Адæмæн – сабур цард, уарзæг зæрдæн – уарзт. Алли темæн дæр Хохой-фурт æ къума райгон кæнунæн иссеруй æхе дæгъæл.

Киунугæ райдайуй æмдзæвгæ «Ду – нæ дарæг, нæ – Мадæ, нæ – Зæнхæ»– й. Рагон Зæнхæ рахæнгин ке адтæй, уой нæ еугур дæр хуарз зонæн. Берæ æгъатир тогкæлдтитæ ниццудæй ибæл. Фал уонæн уидæ историон, объективон, кенæ ба субъективон бундор.

Нуртæккæ зæнхæбæл ци лæгмарæн тугъдтитæ цæуй, уоми ба еунæг бундор дæр нæййес тогникалдæн, – содзгæ арт еу рауæн ку 'ссодзуй, æма ку басабур уй, уæд ин иннæ рауæн æнæ исциренгæнгæ нæ фæууй мадзал. Æма поэт дзоруй:

*– Æма бабæй искæсис итигъд аремæ,*
*Ахид, мадау, фестæлфис тæссæй.*

Æма зæнхæ æ нидздзинæзти коруй æ реубæл исхаст зæнæгæй еу ахсгиаг гъуддаг:

*– Мабал 'рхауæд цард тугъди ехуардмæ.*
*Дуйне сцох уæд удесæг хъуæцæй!..*

Хъазар Фидибæстæмæ æнæкæрон уарзт идарддæр федаргæнгæ цæуй, рæхиси цæгау, æ иннæ уадзевзæ «Хорæн арвæй», зæгъгæ, уоми дæр:

*– Хорæн арвæй кæд ескæд ес фæххецæн,*
*Æрвæрттивдæй кæд æртæсуй арви гъæр,*
*Гъе уæд дæуæн дæр ес зæрдæй фæххецæн,*
*Æма иссерæн нийййерæг Мадæ 'ндæр!*

Энвери киунуги ци аййевадон уадзимистæ ес, уони фулдæр хай æхе цардбæл финст æнцæ, куд монолог, авторæн æхе хæццæ, растдæр зæгъгæй ба, медзæрди хæццæ монолог, уотæ. Царди медæгæ зин æма стонг, ехухаст æма хори тæвдæ, гадзирахатдзийнадæ æма сайд. Фæливддзийнадæ æ рагъбæл кæд еске бавзурста, уæд Хохой-фурт дæр. Гъуддаг æнæнгъæлæти уотæ рауадæй æма Энвер царди æ берæ нифситæй æнæ нецæмæй райзадæй.

Фал уæддæр зин уавæрти дæр æ цæрæццаг зæрдæ фæууæлахез æй хорхæблхуæцæг пессимизмбæл. Æ царди гакъон-макъон фæндæгтæбæл, гъудитæ нивæндгæй, поэт бабæй дзоруй:

*– Нæййе – хуæцæг – мæнгбазуртæ,*
*Дæн козбауæй зæрдæцъæх …*
*Мæ цард – зин, гургъахъ, къузуртæ,*
*Нæ мæ скъæфуй царди тæх.*

Уæлдæр куд загътон, уотæ æ нифсдæттæг оптимизм фæууæлахез уй:

*– Ци еунæг дæн, аци бонæ,*
*Куд мæ гъæуй зæрди гъар!..*
*Цард, кæнæ мæн ристæнсонæ,*
*Уæддæр кæндзæн мæ цæлхъ зар!*

Нæ зонун, æвæдзи, ирон-дигорон литератури еугур науæргиндæр аййевадон уадзимистæн æз, ка 'й зонуй, се 'мбес дæр нæ байаргъудтон, фал си ци бакастæн, уони 'хсæн ба æрæвæрун æмбæлуй æд зæрдæнифс мæнæ аци æмдзæвгæ куд æ фæлгонцæй, уотæ аййевдзийнадæй дæр. Уадзевзæ хæссун еугурæй дæр, уомæн æма си дууæ стъæлфи кæми ниввæрай, уæхæн фæццох гæнæн нæййæс:

*– Мегъитæ – арви дунст фæздонæ,*
*Хори тунтæ сæ доцæг.*
*Æбакæнæг – хуæдидонæ*
*Мегъитæй – думгæ æмпъозæг.*
*Сæгъи цæстау арви цъæхæн*
*Цæмæн гъæуй æмбæрзæн?*
*Сухæ зæнхи фæлмæртæхæн*
*Деденгутæ – ниварзæн.*
*Мегъитæ – арви дунст фæздонæ,*
*Уомæйлади фæххуæцæн.*
*Цума думгæ цауæйнон æй,*
*Уотæ кæнуй æскъæрæн.*
*Æ нæрæг тæрсæн гæрæхтæй –*
*Къадзол-мадзол æрттевæн.*
*Уотемæйти фæууй мегъитæн*
*Арви реубæл сæ цæуæн.*

Ци ма уа цума уонæй аййевдæр æма зæрдæбæл, цæститæбæл уайгæдæр фæлгонцтæ?

Поэт æма æцæг поэзий ахедундзийнадæ æхсæнади, еци мотив нæуæг нæй аййевадон литератури, фал имæ Энвер ба кæсуй æхе цæстингасæй, æхе зæрдæй аргъ кæнуй уоци нисанеуæгæн. Зæрди ци зар сæвзура, уобæл цийфæнди æхгæнæнтæ ку сæвæрай, уæддæр æндæмæ над агордзæнæй, на ма ин рацæуæнвæттæ нæййес, зæгъгæ, уæдта адæймагæн æ фæрстæ дæр ратондзæнæй.

*– Бæмпæгæй дæр рæуæгдæр æй,*
*уæнгбурóйнæ,*
*Æнафони давæгау гъузуй цума …*
*Бæхау ибæл неке бакæндзæй идонæ,*
*Дуарау ибæл нæ ниввæрдзæнæ къума.*
*Тъæрау мæнæн дæр мæ реуи уарзт*
*исзинг æй,*
*Мæ нидæн зар кæд ескæмæ фегъуса …*
*Æцæг Поэзи – устур нифси мæсуг æй,*
*Седуй мæнмæ куд салдатмæ туруса!*

Зæнхи агъазиау тумбулæгбæл ци берæ æнæраст гъуддæгутæ цæуй, етæ поэти зæрди арф никъæттæй изæйунцæ, сарсийнæй фæлсодзæгау сæ фæлсодзуй æ раст уоди цъаймæ. Хæрандзийнадæ æвгæрдуй рæстдзийнади, æма си æвзурун кæнуй ристадæ. Уотæ цъусунæги бахауй æма 'й æ цард дæр нæбал фендавуй, донадæ кæнун ин райдайуй. Фал имæ фæззиннуй размæхонæг нифс æма 'й е нæ уадзуй фæккеун. Уоци нифс ба 'й æ нийййерæг мадæ – зæнхæ.

*– Зиндзийнæдтæй уæхерий сау хонхмæ,*
*Амуранау бæттæнтæ – рæхистæй.*
*Гъе уæддæр цæудзæнæн царди тонхмæ,*
*Нæ фæттæрсдзæн æппун неци ристæй.*
*Дуйней Фарнæ! Æз нецигор дæн,*
*Æррæстæдæр цардæн æ рæстадæ*
*Нихъулуй лæхъумай …*

Еци уæззау катай хуæруй нæрæмон поэти зæрди уедæгтæ. Хохой-фурти исфæлдистади сæйраг менеугутæй еу æй е, æма цийфæнди темæ ку райса, уæддæр имæ гъæуама ести оригиналон гъуди бахæсса.

Уæхæн финсæг нæ зонун æма æ нийййерæг мадæбæл гъар рæнгъитæ ка нæ исфæлдиста. Фал сæ ку аргъауай, уæдта сæ фулдæр райдайунцæ «фехсуд», трафаретон, еци-еу гъудитæй. Зæгъæн: «Мади фарнæ», «Мади фæлмæн къохтæ», «Мади табедзæ» æма уотæ идарддæр. Энвер æхе хезуй еци гъуддагæй. Уой хигъд æ къохи æфтуйуй еумæйаг теми æхе сæрмагонд æнæ еске бафæнзгæ фæлгонцтæ исаразун. Æхе уодау адгин æма ин хъазар æнцæ нийййерæг мади куствæллад къохтæй лæмбунæг худ дзабуртæ. Кæд хецæнтæй фæйнæ рауæнеми цæрунцæ, кæрæдзей æстæнмæ уинунцæ, уæддæр ин æ дзабуртæ ба дæттунцæ имонау гъардзийнадæ, зæнхон хор – мади къохти фæлмæн бамбæлдау. Дууæ дзабури фестадæнцæ мадæ æма æ хестæр бæдоли 'хсæн уарзти хед:

*– Дзабуртæн гъе нур раевгъудæй*
*сæ радæ,*
*Æма бафехсудæй кæддæри лигъз уафс …*
*Адтæй мæ дзабурти уарзти*
*гъардзийнадæ*
*Æма мæ кæд уомæн кæнуй фæлмæн тафс?!*

Аци киунугæмæ Хохой-фурт бахаста цалдæр прозæй финст уадзевзий. Æнцæ æлвæст æма арфгъудитæгин. Автор æхе хезуй уæлдай нæгъæугæ фæззелæнтæй. Прозæй финст æмдзæвгитæ киунуги хъаппæ кæнуй тухгиндæр. Сæргæндтæн син ахиддæр райсуй рагон æмбесæндтæ: «Деденæги æ рæсугъдбæл тундæуй», «Нифс мæсуг æй», «Агорагæ – ерагæ 'й», «Æргом дзурди къæмæ нæййе» æма уотæ идарддæр.

Е, ке зæгъун æй гъæуй, æй автори фæххуæцæн, уонæй сæ гъудитæ кæнунцæ, саздахъи къæлæтау, æлвæстдæр.

Сæрмагонд хаймæ рахæссун æмбæлуй, поэт уарзтбæл ци уадзимистæ ниффинста, уони.



***тæбæл æма æ гъæубæл финст æмдзæвгитæ. Е æй æма байзадæй æ минкъий райгурæн бæсти патриотæй. Хохойти Энвер æнтæстгинæй кæнуй аййевадон тæлмац ирон æвзагмæ аллихузон адæмти номдзуд финсгути уадзимистæ. А. Пушкини райгурди 200 анзей бонмæ ин райййивта дигорон æвзагмæ æ трагеди «Дорин иуазæг».***

Уæлдæр куд банисан кодтон, уотæ Энвери цард мæхе дууæ цæстей рази ку нæ цудайдæ, уæддæр ми баруагæс адтайдæ, цæбæл финсуй, е æцæгдзийнадæ ке ‘й, е. Уобæл мæ æуууæндун кæнунцæ æ ристæфхуæрд зæрдæй ратæдзгæ рæнгъитæ дæр. Кæд æй царди мæнгарддзийнадæ, куд не ‘мбæлуй, уотæ рауурститæ кодта, уæддæр поэти нифс нæ басастæй, æ зæрди гъигæ æ зæрди зари байвæрун бацæй æ бон. Мæнмæ гæсгæ ин æнтæсгæ дæр минкъий нæ бакодта. Уогæ раст нæ уодзæнæн, еуцалдæр феппайуйнаги мæмæ исæвзурдæй æма уонæбæл ку не ‘рлæууон, уæд. Зæгъун ин цæстуарзонæй.

Энвер ахид пайда кæнуй архаизмтæй, фал ин алкæд бунати æвæрд ба нæ рауайунцæ. Хаттæй-хатт уотæ низдохуй гъуди æма ‘й киунугæкæсæги бон райхалун нæбал фæууй, æгæр мæрзæздугъд æма зин лæдæрæн ин рауайунцæ. Зæгъæн: «Ахид уалдзæги тæмæни фæууинæн еу уæхæн гъуддаг: хори лæфинттæй къæбæл тахт, имонау, нæуæгхунд ностау» æма уотæ изолдæр.

Лæдæрун æй, автор æ гъуди нивæфтуддæрæй равдесунмæ ке гъавуй, уой, фал, Энвер, ду гъæуама зонай, ду финсæг дæ, киунугæсæг ба кæсæг ке ‘й, уой. Ду æй куд лæдæрун кæнис, уадзимистæкæсæг дæ æнхæст уотæ нæ балæдæрдзæнæй. Уой гъæуй хуæрзхумæтæг æнæ здухст фæлгонц, цæмæй ин уа æнцон кæсæн æма æнцон багъудигæнæн.

Аййевадон литературæуарзæг æ зæрдæбæл ци нæ бадара, еци уадзимисæн æ ниффинсун дæр æма мухури æ рауадзун дæр неци ‘й.

Никки ма – еу тæхсгæ нез. Айдагъ дæумæ е нæ хауй, фал нæ еугуремæ дæр. Æмдзæвгæн æ цифуддæр æзнаг æй дзурди разæй апостроф. Æма си, æвæдзи, фæййервæзæн дæр нæййæс, фал си гæнæн æма амалæй пайда кæнун гъæуй, æнæбæрæггдæр кæми уа, уæдта ин æнæ байвæргæ кæми нæбал уа, уæхæн рауæнти. Дæумæ ба зæгъæн: «*Мабал ‘рхауæд цард тугъди ехуардмæ…*» Æма идарддæр еци уадзевзий аргъауæн: «*‘Нæуинон фæууæнтæ тугъди ностæ…*»

Байамунд киунугæ æнаййеп нæ разиндтæй корректорон æма орфографион рæдудтитæй дæр. Уогæ уонæбæл нæбал дзорæн, уомæн æма æгæр берæ бунат ахæссунцæ.

Æрлæууун ма мæ фæндуй еума гъуддагбæл дæр. «Фиццагидæр бал дæ бакаст», зæгъгæ, фæззæгъунцæ адæм. Киунугæ «Амонди æрдæфæнтæ»-йи æз æ «бакастæй» неци æрæстæфтæн хиццагæй. Киунуги æндаг цъарæ гъæуама æ кæсæги фиццагидæр æхемæ æлваса æ «бакастæй». Идардæй бакæсгæй, гъæуама зиннонцæ – муггаг, ном, уæдта æ сæргонд.

Ами ба киунуги сæргонд бакæсунмæ гъæуй лупæ, цалинмæ имæ хæстæг нæ бацæуай, уæдмæ ‘й нæ равзардзæнæ …

Æндаг цъарæ гъæуама дзора киунуги медесбæл. Ами ба си уæхæнæй неци фæууидтон. «Ку истæхуй цæргæс», зæгъгæ, дзæгъæли хумæтæги не ‘схудтон мæ уацхъуди сæргонд. Цæргæс ку стæха арви ирд æма итигъд гъæбесмæ, уæд имæ гъæуама цæстæ кæсунæй дæр ма ‘фсæда. Нифсхаст хуæнхаг цæргæсау истахтæй поэт Хохойти Энвер дæр. Æрмæст уомæн æ арвон итигъдадæ æй дзилли зæрдæ, æ киунугæкæсгутæ ба – æ итигъд æма федар базуртæ.

Рæствæндаг кæнæнтæ дæ уоди æрдæфæнтæй исфæлдист рæнгъитæ еци æнæбун рæсугъд денгизи, Энвер!

* * *

***Абони ба мухур кæнæн ХОХОЙТИ Энвери æмдзæвгитæй цалдæр.***

## МÆ ЗÆРДÆ – ÆРТТЕВАГÆ ÆРЦЪИНКДОР

Мæ зæрдæ – фур зæронд æрттевагæ
æрцъинкдор,
Æрцъинкдорбæл æрхаудтæй....
Æривадæй бон.
Æ фæррохси уинун. Ниууодæнстæн
æ цæфæн,
Низзæронд дæн. Тæходуй ку уидæ
æздæхæн!
Æнзтæ мæнбæл... цал зумæги рацудæй
æрцъинкбæл,
Уой бæрцæ æфтудтæн уарзонади
сурх зингбæл.
Гъе, фалæ æгас, – ка фæттундзуй
пеллон артмæ,
Уони фудæй фицун 'рцъинкдори
цæфи гъармæ.
Цæфæн бафæразон инддуг рауæн
æз мæ дзуапп,
Фал нæ дуйней ирд рохсмæ æртиккаг
уинуй арт.
Цæуй нæ цард, цæхæр калуй æрцъинкдор –
æрцъинк,
Ма ервæзун кæнуй мæ кæддæри
тæвдæ зинг.
Систадтæн нæуæгæй, ку нæбал
адтæй гæнæн…
Адæймаг – гъæуайгæнæг ирд рохс
æма зингæн!

## ДУУÆ БÆРЗИ

Нæ серабæл фурзæрдесгæ
Дуææ бæрзи ирæзуй,
Мадæ-хор ба тунæлвесгæ...
Хаугин хизтæ, резгæ-резгæй,
Сæ гуртæбæл ивæзуй.

Гæггогуасæн æнхъуæт бони
Листæг цæнгтæ – бунмæ серф.
Раст цума дууæ киндздзони,
Дууæ содзгæ боц уарзони
Никкæнунцæ сæхе пъерф.

Нæ серабæл, гъазгæ-уозгæ,
Дууæ бæрзи ирæзуй...
Ци дессаг æй уарзти догæ?!
Æрмæст думгæ зуст рæтъозгæ
Сæ тæмæн уарзт æздирвуй.

Ирд æхсæвæ фусумуати
Фæцæйзиндтæй, фæ, ахъуз.
Сифтæр 'скафуй æ бунати,
Цума кизгæ – æ курдуати,
Фестуй тæрхон сæ къус-къус.

Æстъалутæ ходæзмолтæ –
Мийнæвари æвдесæн.
Исберæ 'нцæ мæйтæ-хортæ.
Ку 'ркæнидæ хуæздæр бонтæ,
Куд уа уонæн æресæн!

## ÆРГОМ-ÆРГОМÆЙ

Нæ зæрдити нæ уарзт
куд рамарæн
Нæ фуддæр фудæзнагау æваст?!
Рæстуоддæр сарсенæй
ниллæуарæн
Нæ нивгун амæнтæнмæ нæ уарзт.
Исфицæн си киндзи
бор губорæ
Хизесæнмæ зæрддаг нанатæн.
Фæстаг хатт бахезинæ
уосгорæй
И къæсæрæй дæ кизгон уатæн.
Нæ нæртон Æрфæнифæд
фестидæ,
Кафæн фæзæ фестидæ симдæн.
Боц киндзхонтæ – стъалутæй
'рветинæ,
Мæйи туntæй уфт хизæ киндзæн.
Ходæн ба – æрттевагæ
уорс дарий, –
Ирд камари – Сослани 'нгурæй.
Нæ, нæййес зæрди уарзтæн рамарæн,
Æ рамарæг сæрæй мæгур æй!

## МÆ НИСАН

Нæ мæ фæндуй хапæлери,
Зулун цæстæ цард кæнун.
Нæ цард иссæй æмæнтъери...
Есге рагъмæ куд фæлери
Æз, кедæртау, нæ бурун.

Есге артмæ мæхе тавон?
Есге цийнæй рохс цæсгом...
Æз есгæмæй ести давон?!
Резгæй цард мæ нæ æндавуй,
Къинзгæй цæун нæй мæ бон!

Мæ готони финсæн дзиргъа
Кæд къумух æй – мæ нисан:
Мæ гъудий здæх цæмæй циргъ уа,
Багъæуаги – инсад хирхау,
Е ба 'й кæсæг имиса!

## ФÆЛТАУ...

Нæ нури цард – æмæнтъери:
Хæмпæл, къозæ 'ма фæлери...
Кæцирдæмæ ци гæнгæ 'й,
Цæмæй цума æхсæдгæ 'й?
Нæ, не 'суодзæн æз фæлери,
Кедæр рагъмæ исбургæй,
Есге хæрзтæй нæ дæн боц,
Фæлтау кæндзæн æз ухери,
Фæлтау тæдзæд тог зæнгæй,
Мæ дзилли рист æй мæ хъонц.
Фæлтау неуæд мæ бауæри
Тæккæ рази зуст бурдæн,
Фæлтау ласæд карз ахæри
Уарун къанау мæн сирдæн.
Фæлтау къахæд мæ дингæсæн
Хуалиагор хъæрццигъа,
Фæлтау лæудзæн уазал кирсæн
Уæгъдбунати æд хъаугъа.
Фæлтау хауæд геруз гурæй
Тогæй æхснад цæф гæппæл,
Фæлтау бадæд цæндæ, хурæй
Тæлфгæ уодбæл цъæх тæппал.
Фæлтау мæ зунд медæхсæвæ
Æрвгау цъирæд хамасхуар,
Фæлтау Хуцау мæн æрцæвæд
Æд хъæзелæ, æд азар!

***

Ехх, уогæ ба, цардау, ду куд еунæг дæ,
Æносмæ – уарзон, кедæр сувæллæнтти мадæ...
Уæд æз ба ма цæбæл иселлæг дæн?!
Кæми 'й дæ дзиуарæ, рохс изæдбадæн?

Уодихуасæ – дæ уотид фæууиндæ,
Меддуйне – денгиз, идзаг – цæхъалæй...
Поэти æфхуæрд зæрдæ, ци нин дæ, –
Фелаугæ фæлхъæзæнтæй исхъал æй!..

***

Ку мæ гъæуи,
Куд сифтæр бæласи,
Уæд ми дæхе
Еуварсмæ ци ласи?!

Ку мæ гъæуи,
Куд мæйæ цъæх арви,
Уæд ми дæ уарзт
Цума... кумæ дави?

Ку мæ гъæуи,
Куд къумæл хорбони,
Уæд ми дæхе
Цума цæмæ тони?!

Ку мæ гъæуи,
Куд маргъи астъонæ...
Корун кизгай,
Сайун ма бакомæ...

Ку мæ гъæуи,
Куд зæнхи фæлмæн хор,
Уодзйан еумæ
«Къæсæр æма Бундор!»

***

Мæ сосæг гъудитæ зæгъун дин
нæй мæ бон,
Мæ сонти зæрди хæццæ
схилæ уй нифс.
Вулкани рæмугъдау
исрæцогъуй бунтон,
'Сбæттуй мæ евгъуди
имисти рæхис.
Фуни дæр ку фæттавун мæ
къохтæ, бæлгæй,
Мæ кæддæриккон уарзти
нидæн гъармæ.
Æма фурæхцæуæнæй,
хæкъурццæй кæугæй,
Æдта, куд неци фефтуйуй
мæ арми!
Кæддæриккон устур
уарзти æхседæрфтæй
Есгæд ма ниггупп
кæндзæнæй цума арт!
Мæ зæрдисуг-фæрдгутæ
мæ зæрди бунæй,
Ци бон уæ фæууодзæнæн
дуйнемæ калд!?

## КÆДДÆР ÆМА НУР...

*Скъодтати Беллæн*

Нæ мадæн мæ кæддæри авдæни уæлгъос
Мæ хæкъурццæй кудмæ нæ уидæ нигъгъос:

Заридæ: «Уо, мæ мингий бæлæу, мæ ирд бон,
Идард надмæ тæхун кæд исуодзæй дæ бон...»

Исустур дæн æма ци? Нæдæр – мади дзурд,
Нæдæр ба – æ фæлмæн нифсдæттагæ рæвдуд.

Нæбал ес мин авдæнæ – аргъæутти астъонæ,
Некебал æвæруй мæ росбæл æ уадолæ.

Ратадæй мади цийнæ æма æ зарун.
Уо, уæууæй, уæ мæ бон! Нецибал æнкъарун.

Мæ мадæн мæ кæддæри авдæни уæлгъос
Мæ хæкъурццæй кæунмæ нæ уидæ нигъгъос...

Ци кæнон нур? Æ гъæрзгæ, æ цирти уæлгъос
Зæрдæскъунæн кудæн нæбал ес нигъгъос.

*Дуйней номдзуддæр лæгтæй еу, итайлаг поэт Данте АЛИГЬЕРИ (1265-1321) уотæ финста: «Хæларзæрдæ адæймагбæл даутæ ка имисуй, цъифæ ибæл ка калуй, уобæл адæм гъæуама хъоди бакæнонцæ, ма имæ игъосонцæ. Уотæ гъæуама уа, хуарз муггагæй ка рацудæй, фал æнаккаг, цъамар ка 'й, уæхæн адæймаги уавæр дæр:*



ТÆКЪОТИ Симон (рахесæрдигæй дуккаг) е 'мтохгæнгути хæццæ. 1921 анз.

# АДÆМ СИ КОДТОНЦÆ СÆ КАРЗДÆР СОМИ!..



**ТОТОЙТИ Михал,**
(1910-1979)
историон наукити доктор

Тæкъоти Симон райгурдæй Киристонгъæуи (абони – горæт Дигора) 1876 анзи майи 27-аг бони. Æ нийййергутæ адтæнцæ хумæтæг зæнхкосгутæ.

Æ сабийбонтæ Симон рарвиста æ райгурæн гъæуи æма уидта, гъæубæсти медæгæ къласон нихмæлæуддзийнадæ карзæй-карздæр куд кодта, дзиллити куд дехтæ кодта, уой. Еци дзамани Киристонгъæуи цардиуагæн æ фæткæмæ арфæй-арфдæр хъæртун райдæдта капиталистон рахастдзийнæдтæ. Гъæуи мæгур æма рæстæмбесцæрæг адæми æлхъивтонцæ еунæг паддзахи хецауеуæггæнгутæ, баделиатæ æма гъæздуг хъазахъæгтæ нæ, фал ма гъæууон буржуази дæр.

## РÆСТÆГ КУД ЦÆУЙ, УОТÆ ЗУНДÆЙ ХАЙГИН КÆНУЙ...

Демократон интеллигенций минæвæрттæ сæ сæргъи, уотемæй зæнхкосæг дзиллитæ еу хатт æма дууæ хатти нæ исистадæнцæ тохмæ се 'фхуæргути нихмæ. Еци тох уæлдай карздæр адтæй XIX-аг æноси 80-90-аг æнзти.

Киристонгъæуи гъæууон скъола Симон каст фæцæй 1889 анзи. Уой фæсте бацудæй Æрæдони æхсæзанзон скъоламæ æма си фæййахур кодта цуппар анзи. Скъолайæй æй рацох кодтонцæ, архимандритмæ карзæй ке исдзурдта, уой туххæй. Фæстæмæ æрæздахтæй Киристонгъæумæ æма 1894 анзи цалдæр мæйей дæргъи адæми сувæллæнтти ахур кодта сæ хæдзæртти.

Æндæр гæнæн ин нæ адтæй æма бацудæй тугъдон службæмæ. 1894 – 1896 æнзти службæ кодта 82-аг фестæг полки Грознай. 1896 анзи бацудæй Калаки юнкерти скъоламæ æма 'й каст фæцæй 1898 анзи. Равардтонцæ ин подпоручикки цин æма 'й рарвистонцæ Ташкенти батальонмæ. Уоми баслужбæ кодта 1902 анзи уæнгæ. Æфсади службæмæ æ зæрдæ нæ ирадæй. Бæлдтæй уæлдæр ахургонддзийнадæ райсунмæ. Æхебæл хъæбæр архайдта. 1902 анзи Тæкъой-фурт æфсадæй рацудæй æма Ташкенти гимнази фæууни фæдбæл фæлварæнтæ равардта, уæдта профессор В.Ф. Миллери агъазæй бацудæй Мæскуй университети юридикон факультетмæ. Университет каст нæ фæцæй, уомæн æма имæ 1904 анзи фæдздзурдтонцæ æфсадмæ Япони хæццæ тугъд ке райдæдта, уой туххæй. Фал æй тугъдмæ нæ рарвистонцæ. Еци рæстæги бæсти революцион змæлд ке искарз æй, уомæ гæсгæ паддзахи хецауадæ не 'ндиудта, революцион зундирахаст кæмæ адтæй, еци студентти æфсадмæ æрветун æма сæ исуæгъдæ кодта тугъдон службæй.

Университетмæ фæстæмæ бацудæй 1906 анзи сентябри æма 'й каст фæцæй 1907 анзи. Университет каст фæууни фæсте райдæдта адвокати куст кæнун Дзæуæгигъæуи.

Фал æ сæйрагдæр тухтæ Симон аразта революцион куст кæнунмæ. Революцион змæлдмæ бацудæй 1902 анзи, Терки облæсти еугурей разæй социал-демократон змæлд ку фæззиндтæй, уæд. Социалистон ахурадæ æма косгути змæлдмæ е 'ргом здахун райдæдта никки раздæр. «Терки облæсти революцион змæлди туххæй», зæгъгæ, ци фæллойнæ ниффинста, уоми уой туххæй Симон зæгъуй, социалистон змæлди хæццæ базонгæ дæн 1897 анзи, Калаки юнкерти скъолай ку ахур кодтон, уæд, зæгъгæ. Еци рæстæги Калаки ахургæнгутæ цæттæгæнæн институти ахур кодта е 'нсувæр Филипп, æма е минкъий зонгæ адтæй социалистон литератури хæццæ, хæстæг лæудтæй Гурдзий социал-демократон змæлдмæ. *(Амæй идарддæр дæр цитатитæ хæсдзинан Тæкъоти Симони аци кустæй).*

Æ зундирахастмæ ин революцион гъудитæ бауадзунæн фæййагъаз æнцæ, Ташкентмæ æрвист революционерти хæццæ ке 'мбалдæй, е, уæлдайдæр ба социал-демократ, марксист Шендриков. Ами Симон æхе хæстæг ласта, гимназий хестæр къласи ахургæнуйнæгтæй революцион зундирахаст кæмæ адтæй, уонæмæ, уонæй дæр еуæй-еуетæмæ. Атæ ин сосæггай кæсунмæ лæвардтонцæ революцион литературæ.

Фал ин уæддæр еугуремæй хъæбæрдæр фæййагъаз æнцæ Ташкенти раззагдæр косгутæ. Уони хæццæ базонгæ 'й Кокити Савви фæрци. Саввæ æма Симон еу гъæуæй адтæнцæ. Саввæ адтæй Хетæгкати Къостай хуарз æрдхуард. Ташкентмæ ба æрвист æрцудæй Терки облæсти хецау, инæлар Каханови дзурдмæ гæсгæ, Къостай хæццæ Дзæуæгигъæуи Ольгинскийи силгоймæгти скъола исæхгæнуни нихмæ карзæй ке 'рлæудтæй, уой туххæй. Симон косгути хæццæ ахид ке дзубанди кодта, е фæййагъаз æй, сæ тох цæбæл æй, уой арфдæр балæдæрунæн.

1902 анзи Тæкъоти Симон бацудæй Уæрæсей косгути социал-демократон партий (УКСДП-й) рæнгъитæмæ. Еци анзи июни кæрони исуæгъдæ 'й тугъдон службæй æма æрæздахтæй Цæгат Иристонмæ. Ами уайтæккæдæр æхе исбаста Дзæуæгигъæуи æма ирон устур гъæути (Киристонгъæуи, Алагири, Бæтæхъойгъæуи, Ольгинскийи, Æрæдони æма æндæр рауæнти) ци революцион къуæрттæ адтæй, уони хæццæ.

Мæскуй университети Симон нæуæгæй ахур кæнун райдæдта 1902 анзи сентябри. Уоми никки хъæбæрдæр исфедар æй æ революцион зундирахаст. «Ами æз уайтæккæдæр бахаудтæн студентти сосæг къуæрттæмæ, – финста Симон, – кæми ахур кодтан политикон партити программитæ... Анзи дæргъи æз арфдæр ахур кодтон марксистон зонундзийнæдтæ». Къуари ма адтæнцæ Хъесати Геуæрги. Цæликкати Ахмæт (фæстæдæр Ахмæт гадзирахаттæй рацудæй революцибæл), Хъанухъуати Хаджиморат, стъараполаг студенттæ æма ма цалдæр адæймаги Уæрæсей æндæр сахартæй.

1903 анзи сæрди, каникулти дзамани Симон иссудæй Киристонгъæумæ. Уæдмæ ами адтæй федар революцион къуар. Каникулти рæстæги Симон революцион куст кодта еунæг Киристонгъæуи фæллойнæгæнгути хæццæ нæ, фал Терки облæсти хуæнхаг адæми, уæдта хъазахъæгти æма Дзæуæгигъæуи косгути 'хсæн дæр. Симон сосæггай зилдæй гъæутæбæл æма Дзæуæгигъæуи округи станицитæбæл. Дзæуæгигъæуи фæллойнæгæнгути 'хсæн парахат кодта социал-демократон къуæртти прокламацитæ, уæхæн куст æнхæст кæнунмæ ма худта сахари скъолати хестæр кълæсти ахургæнуйнæгти дæр.

Симони агъазæй ма революцион къуæрттæ уæд арæзт æрцудæй Заманхъули, Хумæллæги, Елхотти, Алагири, Æрæдони, Хедигъоси, Нæуæггъæуи, Дæллаггъæуи, уæдта станицитæ Змейски æма Николаевскийи. Уæлдай устурдæр къуар исаразун ин бантæстæй Бæтæхъой гъæуи – адтæй си 70 адæймагей бæрцæ. Æ исаразгутæй еу адтæй ахургæнæг Собити А.

Алагири къуар исаразта Саухалти Х., кæций Симон нимадта «Иристони тæккæ активондæр революционертæй еуебæл».

Æфсадæй ку исуæгъдæ 'й, уæд 1905 анзи райдайæни Тæкъой-фурт иссудæй Иристонмæ æма уайтæккæдæр райдæдта революцион куст кæнун.

Революцийæн æ тæккæ райдайæнæй фæстæмæ революцион куст рахизтæй къуæртти арæнтæй. Киристонгъæуи зæнхкосгутæ 1905 анзи ци исистад исаразтонцæ, уой кой кæнгæй, Симон финста: «Хецаудзийнадæ адтæй мах къохти. Нæ къуæрттæ аллибон дæр Дигори ихалдтонцæ баделиати зæнхгинти «бартæ». Баделиатæ æмрезæгæй ризтæнцæ, хъæбæрдæр ба уомæн, æма Дигори ци аграрон змæлд рапарахат æй, уомæн агъаз кæнун райдæдтонцæ Иристони иннæ гъæутæ дæр. Зæгъæн, Æрæдони цæргутæ, Нæсхъидати Сослæнбег сæ сæргъи, уотемæй сурх турусати хæццæ рацудæнцæ Дигори адæмæн, помещикти гъæдæ ка цагъта, уонæн агъаз кæнунмæ.

УКСДП-й Центрон Комитети амундмæ гæсгæ 1905 анзи сæрди гæрзефтонг исистадмæ цæттæ кæнуни рæстæг Тæкъоти Симон устур куст бакодта Георгиевскийи тугъдон скъладæй тохæнгæрзтæ æма гилдзитæ исамал кæнунбæл Апшерони полкки æфсæддонти хæццæ, бæхгин ирон дивизий хæццæ, Ростови исистад цæттæгæнæг комитети хæццæ æма æндæрти хæццæ бастдзийнадæ исаразунбæл.

Большевикти разамундæй Мæскуй косгутæ ку исистадæнцæ, уæд уой хуæдфæсте æрлæудтæй фарста райарæзти фарстатæмæ æркæсуни УКСДП-й Терк-Дагестани комитет. Кæд комитети иуонгтæ æмзунд нæ адтæнцæ, меньшевикти еу хай (Цæликкати А. æма æндæртæ) кæд исистад исаразуни нихмæ адтæнцæ, уæддæр комитет баунаффæ кодта Дзæуæгигъæуи хецаудзийнадæ байсуни туххæй исистад исаразун. Иристони революцион тухти командæгæнæгæй æвæрд æрцудæй Тæкъоти Симон. Е тугъдон тухтæ æрæмбурд кæнуни туххæй æрцудæй Иристони Терки галеуфарси æма рахесфарси гъæутæмæ.

Фал еумæйаг исистадæй неци рауадæй. Уомæн адтæй дууæ анхосæги: еуæрдигæй е, æма цæмæй зæнхкосæг дзиллитæ ма рандæ уонцæ Дзæуæгигъæуи косгутæн æма æфсæддонтæн фæййагъаз кæнунмæ, уой туххæй сæ бунæттон хецауеуæггæнгутæ сæ агентти фæрци ардудтонцæ тукæнтти, гъæздугутæ æма чиновникти хæдзæртти мулк давунмæ; иннердигæй ба меньшевиктæ – еци мæнгæ революционертæ адæми фæндонæн къæхкъуæрæнтæ аразтонцæ. Хецаудзийнади нихмæ ма исистадæй ирон дивизион, фал еунæгæй æ бон неци бакæнун бацæй.

Симон æхе байауон кодта паддзахи куйсортæй. Цæйбæрцæдæр рæстæг æхе римахста Дзæуæгигъæуи, Киристонгъæ-

**Дагестани адæмон финсæг Магомедов Муса Магомеди фурти райгурдбæл 4 июни æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1926-1997).**

*гъæуама ‘й адæм се ‘хсæнæй тæргæ кæнонцæ...» Гъулæггагæн, уæхæн зундирахаст нæ дзиллæмæ ке некæд адтæй æма нерæнгæ дæр нæма ес, уой фудæй цæйбæрцæбæл кæзосзæрдæ æма адæми сæрбæлтау рæстуодæй архайæг адæймæгутæ бастъалдæй!.. Нæ хуæздæри хуæздæртæ!.. Уонæй еу адтæй Тæкъоти Алийи фурт Симон дæр.*



уи, Даргъ-Къохи дæр, фæстæдæр ба рандæй Сибирмæ. Цалдæр мæйей дæргъи римæхст адтæй Маньчжурий станцæ Тобойти Александрмæ, фал æй уоми дæр агорун райдæдтонцæ æма уой ку базудта, уæд рандæй Владивостокмæ. Ами еуминкъий ракуста Сучански æфсæнвæндæгтæбæл, уæдта 1906 анхзи фæззæги Мæскумæ æрбацудæй.

1907 анзи Дзæуæгигъæумæ исæздахтæй æма майи мæйæй декабри уæнгæ куста тæрхондони лæгæн агъазгæнæгæй. Еци бунати косгæй берæ револуционертæн байагъаз кодта Симон, – нæ син бауагъта тæрхон искæнун. Уæдмæ Дзæуæгигъæуи революцион организацитæ еугурæйдæр дæрæнгонд æрцудæнцæ, революционертæй ма сæрæгас ка байзадæй, уонæй ба беретæ Терки крайæй рандæнцæ.

УКСДП-й Терк-Дагестани комитети нæуæг иуонгти хæццæ еумæ Симон райдæдта революцион куст кæнун. Æхе исбаста Пятигорски æма Грознай социал-демократон организацити хæццæ. Зæрдиагæй архайдта къуæртти куст нæуæгæй къæхтæбæл исæвæрунбæл. Беретæ си косун райдæдтонцæ куд Дзæуæгигъæуи, уотæ Иристони еуцалдæр гъæуеми дæр.

1907 анзи декабри Симони æрахæстонцæ æма ’й бакодтонцæ Дзæуæгигъæуи ахæстдони, уæдта æй 1908 анзи майи рарвистонцæ Оренбургмæ, уордигæй ба Владивостокмæ. Уоми фæцæй 1910 анзи мартъий уæнгæ. Исæздахтæй Дзæуæгигъæумæ æма бабæй райдæдта сосæггай революцион куст кæнун.

Еци рæстæги туххæй Симон æхуæдæг уотæ финсуй: «1910-1914 æнзти адтан æнæхъæурæ паддзахи хецаудзийнади нихмæ тохи. Хецæн бунæттæ кæрæдзей хæццæ баст нæ адтæнцæ. Революционертæн æнæсцохæй тæрхон кодтонцæ тугъдон тæрхондæнтти æма тæрхондони палати. Адæм сæхемæ игъосунбæл фæцæнцæ. Мах кодтан уæлæнгай, листæг революцион куст. Бафæлладан. Ме ’мбæлтти хæццæ мах кустан ирон адæми ‘хсæн, уомæн æма сæ сæ къохтæмæ æрбайстонцæ национал-либералтæ. Мах нæхемæ райстан ирон рауагъдади æхсæнади правлени æма æ алливарс æрбатумбул ан. Бавзурстан газет «Владикавказский листок» уадзун, фал си неци рауадæй. Зудтан, фæллойнæгæнæг адæм нæ фарс ке ‘нцæ, фал политикон уавæри аккаг лозунг нæ ирдтан. Мах зудтан, революцион змæлд, косæг къласи медæгæ ке тухгин кæнуй, уой, фал махмæ косгутæ æгæр минкъий адтæй».

Тæкъоти Симон сосæг куст кодта большевикти хæццæ. Еумæ ахæстдæнтти æма æрвистити гъезæмарæ кодта уони хæццæ, фал политикон æма тактикон фарстатæмæ æмхузон цæстингасæй нæ кастæнцæ. Ами ибæл фæззиндтæй, меньшевикти ‘рдæмæ здæхт ке адтæй, е. «Бафæлладан», «Нæ ирдтан лозунг», «Перспективитæ нæмæ нæ адтæй»... Бæрæг куд æй, уотемæй большевиктæмæ уæхæн уоди рахастдзийнадæ некæд адтæй.

Симон меньшевиктæй еуварс рацæуни надбæл къахдзæфтæ кæнун райдæдта фиццаг империалистон тугъди æнзти. Партий медæгæ еумæ ке хæццæ адтæй, сосæг куст ке хæццæ кодта, уонæй беретæ хæццæ идейон æгъдауæй рахецæн æй. Фиццагидæр тугъдмæ ци цæстингас дардтонцæ, уомæ гæсгæ. Фал мешьшевиктæй бустæги нæ рахецæн æй, байеу æй интернационалист-меньшевикти хæццæ. Уæд нæма лæдæрдтæй тугъди æма революций туххæй ленинон теори æма тактикæ.

## РÆСТДЗИЙНАДÆ КÆМИ ЕС, РÆСТАГ ЦАРД ДÆР УОМИ ЕС...

Феврали революций фæсте ма Тæкъоти Симон адтæй паддзахи æфсади, фал æй уæддæр Иристони адæм равзурстонцæ Дзæуæгигъæуи округи «Граждайнаг æнхæстгæнæг комитети» сæрдарæй. Комитет официалон æгъдауæй адтæй буржуазон Рæстæгмæ хецауади оргæн. Еци бунат байахæста 1917 анзи майи, æфсадæй ку исуæгъдæ ‘й, уæд. Еци рæстæги ма исæвзурдæй «Еугонд хуæнхаг адæми цæдеси» буржуазон-националистон ЦК. Уордæмæ бацудæнцæ хуæнхаг адæми гъæздугути, буржуазий æма афицерти минæвæрттæ. «Цæдеси» минæвæрттæ адтæнцæ пусулмон динбæл федар хуæст æма Турки ‘рдæмæ здæхт зундирахастбæл. «Цæдеси» ЦК æ къохтæмæ æрбайста, уæд ка исæвзурдæй, Цæгат Кавкази адæмти еци «националон советти» сæ еугурей дæр, ирон адæми советæй фæстæмæ.

«Национ округти комитеттæ сæ еугурдæр, – финста Тæкъоти Симон, – æнæуæлдай дзубандийæй æнхæст кодтонцæ Хуæнхаг адæми центрон комитети амунддзийнæдтæ, Иристони комитетбæл райдæдтонцæ æмпурститæ аразун. Фал, уæддæр сæ бардзурдтæй еу дæр мах æнхæст нæ кодтан. Араббаг æвзагбæл финстæй нæмæ ци гæгъæдитæ æрæрвистонцæ, уони мах æвæстеуатæй нискъудтæ кодтан нæ косгути цæстити рази». Округи комитети иуонгтæй æртæ адтæнцæ, «Хуæнхаг адæми цæдеси» фарс ка адтæй, Иристони националистон интеллигенций минæвæрттæ сæ арм кæбæл дардтонцæ, уæхæнттæ. «Фал æз комитети сæрдар ке адтæн, – финсуй е идарддæр, – уой фæрци нæ бон адтæй нæхе фæндæ кæнун. Мах ба уобæл архайдтан, цæмæй Иристони адæм фæййервæзун кæнæн контрреволюций дзæмбутæй æма сæ æрбатумбул кæнун косгути æма æфсæддонти депутатти Совети алфамбулай».

Фал зæгъун гъæуй уой, æма еци дзамани Дзæуæгигъæуи Совет революцион надбæл федарæй нæма цудæй, уомæн æма æ сæргъи адтæнцæ эсертæ æма меньшевиктæ.

Тæкъоти Симон адтæй, «Иристони хуæнхаг цæдеси хæццæ» байеу кæнуни нихмæ карз тох ка кодта, уонæй еу. Кæд Тæкъой-фурт æма е ’мзæрдиуонтæ (Гарданти М., Гæдиати Ц. æма æнд.) бацудæнцæ Рæстæгмæ хецауади оргæни косунмæ, уæддæр большевиктæ пайда кодтонцæ, етæ хуæнхаг-хъазахъаг реакций нихмæ ке тох кодтонцæ, уомæй, æма сæ æздахтонцæ сæхе ’рдæмæ...

Иннæ революционерти хæццæ еумæ Тæкъоти Симон устур куст бакодта «Гъæддаг дивизи», уæдта ирон фестæг бригадæ æма ирон полкки тугъдон æгъдауæй ислæмæгъ кæнунбæл Терки облæстмæ ку иссудæнцæ, уæд, се фсæддонти ба син адæми фарс фæккæнунбæл. Хъæбæрдæр ба бакустонцæ уобæл, цæмæй еци æфсæддон хæйттæ фæххецæн уонцæ «Терк – Дагестани хецауадæй». Тæкъоти Симон хъæбæр агъаз кодта «Революцион-демократон парти «Кермен» аразгутæн, уæдта партийæн æхецæн дæр æ революцион куст парахат кæнуни дзамани. «Хуæнхаг хецауади» позицитæ рæстæгмæ ке фæффедар æнцæ, уой кой кæнгæй, Симон зæрдигъæлдзæгæй уотæ дзурдта: «Фал мах тухтæ дæр фулдæр кодтонцæ. «Кермени» парти кодта бонæй-бонмæ федардæр. Парахат кодта æ организацион куст гъæути. Минкъий къуæрттæ ин адтæй ирон тугъдон хæйтти дæр».

Æ революцион кустæй бæрæг куд æй, уотемæй Тæкъой-фурт, кæд большевикти партий рæнгъити нæма адтæй, уæддæр æнгон баст адтæй Терки облæсти большевикти разамонгути хæццæ – Сергей Мирони фурт Кирови, Мамия Орахелашвилий, Юрий Фигатнери, Мамсурати Сахангерийи, Ной Буачидзей, Рæмонти Евгенийи, Яков Маркуси, Цæголти Геуæргий, Шакро Палавандашвилий æма иннети хæццæ.

1917 анзи декабри 30-аг бони афицерти бандæ ниддæрæн кодта Дзæуæгигъæуи косгути æма æфсæддонти депутатти Совет æма æрахæста æ разамонгути: М. Орахелашвили, Н. Буачидзе æма иннети. Æхæст æмбæлтти исуæгъдæ кæнунбæл тагъд æма æхсаргинæй ка архайдта, уонæй еу адтæй Тæкъоти Симон дæр. Иннæ революционерти хæццæ еци æхсæвæ фæдеси ракодта кермениститти æма Ирон бæхгин полкки æфсæддонтæ, æма исуæгъдæ кодтонцæ ахæст æмбæлтти.

Рæстæгмæ Дзæуæгигъæуи ка фæуæлахез æй, еци контрреволюцион бандитæ ниддæрæн кæнуни туххæй большевикти цæттæ кодтонцæ сæ тухтæ. Зæрдиагæй сæ хæццæ архайдта Симон дæр. Киристонгъæуи е Къесати Хъæлæмурзæ æма иннети хæццæ керменисттæй исаразта отряд 500 адæймагемæй æма сæ искодта Дзæуæгигъæумæ. Отряд бæлвурд агъаз фæцæй, контрреволюцион «Хуæнхаг хецауадæ» нацити ‘хсæн Дзæуæгигъæуи 1918 анзи январи зин бæнтти ци тугъдон арт бандзарунмæ гъавта, е цæмæй урух ма фæххæлеу адтайдæ, уомæн.

Аци гъуддаги уæлдай устур агъаз фæцæй Терки облæсти адæмти съезд, Мæздæги ка байгон æй, е. Хъазахъи гъæздугутæ æма реакцион афицертæ гъæвтонцæ Цæцæн æма Мæхъæли нихмæ æргом тугъд раседуни туххæй съездæй испайда кæнунмæ. Фал сæ пълантæй неци рауадæй. Съезд рандæй «социалистон блокки» фæдбæл. Блоккæн разамунд лæвардтонцæ большевиктæ, сæ сæргъи Киров æма Буачидзе, уотемæй. Съезди Симон большевикти хæццæ еумæ устур арæхстгинæй архайдта хъазахъаг контрреволюций фудвæндитæ хормæ рахæссунбæл æма фæллойнæгæнæг хъазахъæгти æма хуæнхаг фæллойнæгæнæг адæми кæрæдземæ æрхæстæг кæнунбæл.

*(Уодзæнæй ма).*



**Хуæнхон АССР-и Бундорæвæрæни съезди Президиуми иуонгтæ (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ): дуккаг – М. Энеев, æртиккаг – Бетал Калмыков, цуппæрæймаг – Сергей Киров, фæндзæймаг – Тæкъоти Симон, æстæймаг – Æвзурæгти Марк; иннетæ ба бæрæг нæ ‘нцæ.**

**Адыгей, Кæсæг-Балхъари, Хъæрæсе-Черкесий адæмон финсæг, Уæрæсей Федераций Фæллойни Бæгъатæр Машбаш Исхак Шумафи фуртбæл 28 майи исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи.**

*Номдзуд норвегиаг драматург Генрих ИБСЕН кæддæр афтеки хецауæй куста. Еуухæхæни имæ еу лæг дууæ рецептей хæццæ бацудæй: еу си æ уоси номбæл, иннæ ба, ветеринар ин æ гъогæн ке рафинста, уæхæн. Ибсен ин хуастæ равардта: «Мæнæ айæ – дæ уосæн, мæнæ айæ ба – дæ гъогæн. Æцæг сæ ма фейиевдзи кæнæ, кенæ ба дæ гъог ниххуæдмæл уодзæнæй...»*



# КЪАХДЗÆФТÆ – ФЕДАР ИММУНИТЕТМÆ

***Иммунитет федар кæнун æй хъæбæр ахсгиаг гъуддаг, уæлдайдæр ба нури рæстæги. Зæрдæбæл дарун гъæуй, æнæнездзийнадæ æма иммунитет фæффедар кæнунæн агъаз ци мадзæлттæ ʻнцæ, уони.***

**1.** Рæстæг бадгæй æрветун нæ гъæуй, фал гъæуй фулдæр змæлун. Фестæгæй фулдæр цотæ, накæ кæнетæ бассейни, алли сæумæ дæр кæнетæ гимнастикæ. Цийфæнди физикон фæлтæрæн дæр пайда æй тогдадзинтти тоги зелдохæн, уæдта, тоги уорс бауæргъæдтæ – лейкоциттæ – бактеритæ æма вирусти нихмæ куд косунцæ, уомæн.

**2.** Фагæ фунæй кæнетæ. Адæймаг æнæхуссæг ку уа, уæд е бæрæг фæууй æ цæсгонбæл. Фал айдагъ е нæ. Æнæхуссæг адæймагæй косæг нæййес, косун имæ нæдæр цæуй, нæдæр ба æ бон уодзæнæй. Фунæй кæнунæн тæккæ хуæздæр рæстæг æй æхсæви 23 сахаттемæй сæуми 7 сахаттей уæнгæ. Фунæй кæнунæн гъæуй талингæ æма сатæг рауæн. Сæумæй раги адæймаг гъæуама игъал кæна рæуæг зæрдиуаги хæццæ æма медбилти ходгæй.

**3.** Гъудитæ гъæуама уонцæ рæуæг æма дзæбæх. Мæтъæл æма уæззау гъудитæ ихалунцæ иммунитет, зæрдрохсгæнæн гъудитæ ба ин, ке зæгъун æй гъæуй, æнцæ пайда. Минкъийдæр цийнæ, æхцæуæндзийнадæ ка хæссуй, уæхæн гъуддæгутæй уæхе ма еуварс кæнетæ. Хуарз киномæ бакæсун, музыкæмæ байгъосун, æрдзи гъæбесмæ рацæун æнцæ, æхцæуæндзийнадæ ка хæссуй, уæхæн æнкъарæнтæ, уомæ гæсгæ æнцæ иммунитетæн пайда. Уæхецæн минкъий зæрдæлхæнæнтæ кæнун дæр цæстæ бауарзæд.

**4.** Ниууадзун гъæуй лæгъуз ахуртæ. Ниуæзтæ, тамаку, фурхуæрдæ иммунитет кæнунцæ лæмæгъ. Незти нихмæ организми бон нæбал фæууй тох кæнун, æма уой фудæй цубурдæр кæнуй.

**5.** Гæнæн æма амалæй гъæуй абана. Уруссаг абана, саунæ – дзæбæхгæнæн фæрæзнæн сæ дууæ дæр бæззунцæ. Етæ кæдзос кæнунцæ бауæри цъарæ, хуæздæр кæнунцæ тоги зелдох, сорунцæ адæймагæн æ фæллад. Гъар дони тæф, дон æхуæдæг, массаж бæрзæбæласи цъилинæй, бæрзи, хехгун бæласæ кенæ аллихузон кæрдæгути хуæрздæф хуæрзæрдæмæ ахедунцæ организмбæл, кæнунцæ ʻй æнæнез. Саунæмæ цæун æ къохи кæмæн не ʻфтуйуй, уомæн æй æ бон байиевун душæй – æхебæл кезугай уазал, уæдта тæвдæ дон ку кала, уæд уæхæн процедурæй æ иммунитет кæнуй федардæр. Пайда æй кæрдæгути ваннæ дæр пуруса, хордеденæг, бæрзæбæласи сифтæй, уæд нæуæгæй исуодзæнæ иуонгæуæг æма кустгъон.

**6.** Хуæруйнаги æгъдау. Е нивæбæл ку нæ уа, уæд организм байдзаг уй, иммунитет лæмæгъ ка кæнуй, уæхæн бауæргъæдтæй – токсинтæй. Уомæ гæсгæ хуæрун гъæуй пайда хуæруйнаг, минералон бауæргъæдтæй, уорсаг, витаминтæй гъæздуг ка уа, уæхæн. Иммунитети хъæбæр ахсгиагæй гъæуй уорсаг. Организми е ниддехтæ уй аминотауæггадæбæл. Уой фæрци тогмæ хъæртуй тауæггур, æнхæст цæунцæ витаминтæ æма минералон бауæргъæдти æййевуни процесстæ. Уорсаг берæ ес кæсалги, фиди, айки, карки фиди, æхсири, уæдта рæзи, халсарти, хъæдори, æнгози, æхсинæнти, картофи, къабускай, пириндзи, сауфаги æма æндæр къурупати. Иммунитет федар цæмæй уа, уомæн ахсгиаг æнцæ витаминтæ дæр. Еугур витаминтæ организмæн нæ хъæртунцæ, уомæ гæсгæ еуæй-еу витаминтæ имæ гъæуама хъæртонцæ кенæ хуæруйнаги хæццæ, уæлдайдæр A,C, E æма B-йи къуармæ хауæг витаминтæ. Фал витаминтæй пайда нæ уодзæнæй, сæ хæццæ еумæ минералтæ ку нæ уонцæ, уæд. Æнæ уонæй организм незти нихмæ фæллæуунгъон нæ уодзæнæй. Минералтæй уæлдай хъæбæр гъæунцæ цинк, железо, калий, магний, кальций æма фосфор. Æнæмæнгæ, фингæбæл аллибон гъæуама уонцæ тауæгæхсири продукттæ – къæпу, йогурттæ, уонæми ес, хæлæртти кустæн агъаз ка ʻй æма интерферон ка кæнуй, пайдайаг уæхæн бактеритæ.

**7.** Пайда кæнетæ сæрмагонд препараттæй. Иммунитет федаргæнæн еугур хуастæ дех кæнунцæ иммуностимуляортæ æма иммуномодулятортæбæл. Иммуностимулятортæ иммунон системи куст кæнунцæ карздæр. Карз куст ба иммунитетæн æхе гъæуайгæнæн тухтæ кæнуй лæмæгъдæр, æхуæдæг кустгъон нæбал фæууй. Уомæ гæсгæ уæхæн хуастæй пайда кæнуни размæ бал гъæуй дохтири хæццæ радзубанди кæнун.

Иммуномодуляторти куст ба 'й фæлмæн, организмæн етæ агъаз кæнунцæ сабургай. Уонæмæ хаунцæ хæлæртти куст хуæздæргæнæг препараттæ, биологон æгъдауæй активон æфтауæнтæ, витаминтæ æма минералти комплекстæ, дзæбæхгæнæн кæрдæгутæ – эхинацея, калган, женьшень, золотой корень æма æндæртæ. Уотемæй, уе ʻнæнездзийнадæ федар кæнетæ æма æнæнез уотæ.

***Медицинон профилактики республикон центр.***

## ВАКЦИНАТИ ÆЙ НÆ ЕУГУРЕМÆН ДÆР ИСÆНХÆСТ КÆНУЙНАГ ГЪУДДАГ

АЦИ БÆНТТИ Цæгат Иристонмæ исæрвистонцæ незти нихмæ æртиккаг уæрæсейаг вакцинæ «КовиВак»-и фиццаг парти (ес си 780 дози). Нæуæг вакцинæ рауагъта М.Чумакови номбæл федералон наукон-æртасæн центр, æнæмæнгæ гъæугæ фæлварæнтæ ин исаразтонцæ. Уони хатдзæгтæ хинцгæй, Уæрæсей Федераций æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ «КовиВак» сæрмагонд æгъдауæй регистраци искодта 2021 анзи 20 феврали. Нур вакцинæ æрветун райдæдтонцæ уæрæсейаг регионтæмæ.

Нæуæг хуасæй вакцинаци дæр æнхæстгонд цæуй дууæ къæпхæнемæй: фиццаг æма дуккаг уколти ʻхсæн гъæуама рацæуа дууæ къуæрей. Специалисттæ куд зæгъунцæ, уотемæй нæуæг хуасæй испайда кæнæн ес, æртинсæй анземæй фулдæр кæбæл цæуй, еци адæмæн дæр, уæдта ма дзиллон вакцинаций архайуни барæ ес, æстдæс анзи кæбæл исæнхæст æй, еци адæймæгутæн дæр.

Вакцинаций фæткæ идарддæр дæр æй уæхæн: укол искæнунвæндæ ка искодта, еци адæми бацæун гъæуй фæзуатон поликлиникитæмæ, кенæ ба вакцинацимæ хе ниффинсун паддзахадон лæггæдти портали фæрци.

Укол искæнуни размæ адæймагмæ гъæуама æркæса терапевт.

***

РАЗДÆР ма куд игъосун кодтан, уотемæй Дзæуæгигъæуи медицинон колледжи æ куст кæнуй вакцинацигæнæн пункт.

Колледжи директор Реуазти Таймураз куд радзурдта, уотемæй, вакцинæ ка искодта, уæлдайдæр ба æ дууæ компоненти, уони нимæдзæ уойиасæбæл берæ нæма 'й. Æ загъдмæ гæсгæ, æстдæс анзи кæбæл исæнхæст æй, уæхæн æригæнтти нимæдзæ нæ республики æй еуæндæс æма инсæй мин адæймаги, æма сæ еугур дæр гъæуама вакцинаци искæнонцæ, фал еци гъуддагмæ нæ республики уæлдæр ахургæнæндæнтти фагæ æргом æздæхт цæмæдæр гæсгæ нæ цæуй.

Куд радзурдта, уотемæй медицинон колледжи ахургæнгутæ æма косгутæ сæ еугурдæр искодтонцæ вакцинаци, сæ хестæр Цæргæсти Милусябæл цæуй еу æма цуппаринсæй анзи, æма е дæр вакцинæ искæнуни фæсте æхе æнкъаруй хуарз. Сæ ахурдзаутæй ба вакцинаци æдеугурæй искодтонцæ 115 адæймаги, уонæй вакцини дуккаг компонент – 106 студенти.

Ахургæнæндонæн æнгом бастдзийнадæ ес Дзæуæгигъæуи 1-аг поликлиники хæццæ. Алли хатт дæр вакцинацигæнæн бон вакцинæ «Спутник V» æмбæлгæ уавæрти медицинон колледжмæ æрбаласунцæ уордигæй. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма колледжмæ вакцинæ искæнунмæ æрбацæуни барæ ес æ алфамбулай цæрæг адæмæн дæр.

Вакцинацигæнæн пункт косуй къуæрей медæгæ дууæ бони – æртиккæг æма майрæнбони, 9.00-16.00 сахаттемæ.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1205.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 03.06.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ʼрветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**